

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa kedalan tina éksprési diri manusa anu dikedalkeun kana wangun tulisan minangka hiburan pikeun nu maca, ogé salaku bahan pangajaran ajén-inajén nu nyampak dina karya sastrana.

Éksprési anu nyampak bisa dumasar kana pangalaman, pamikiran, perasaan, ide, sumanget, jeung kayakinan dina hiji wangun gambaran kongkrit anu ngaronjatkeun pesona ku alat basa (Sumardjo & Saini, 1997, kc. 3-4). Hal ieu dikuatkeun ku sawangan Saryono (2009, kc. 18) yén sastra ogé miboga kamampuh pikeun ngarékam kabéh pangalaman anu émpiris-natural atawa pangalaman anu nonémpiris-superanatural, nu cindekna sastra mampuh jadi saksi jeung pangoméntar kahirupan manusa.

Karya sastra anu gumelarna di tatar Sunda miboga kamekaran sorangan. Dina kamekaran éta ngamunculkeun papasingan dina karya sastra Sunda. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 25-74) papasingan dina sastra Sunda ngawengku kana sababaraha wengkuan nyaéta ku wangun, warna, jeung wanda. Wangun mangrupa klasifikasi karya sastra Sunda dumasar kana jumlah wujudna. Dina warna periode mangsa atawa waktu gumelarna karya sastra dipaké dasar patokan klasifikasi, sedengkeun wanda ngaklasifikasikeuna nyoko kana média atawa alat anu dipaké pikeun neupikeunana. Dina salah sahiji papasingan sastra Sunda aya wangun. Wangun karya sastra Sunda aya tilu nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Prosa mangrupa hasil tina daya imajinatif manusa anu wanguna karangan sarta maké rakitan basa sapopoé, lancar, tur ngagunakeun intonasi nu matok.

Prosa dina hakékatna dibagi kana tilu genré, nyaéta *roman*, *novél*, jeung *carita pondok* (carpon) (Herman J. Waluyo, 2006). *Novél* mangrupa karya sastra winangun prosa tur diébréhkeun dina karangan nu lega. Lega didinya hartina plot jeung galur caritana kompléks, karakter tokohna rinéka, témana réa, ogé suasana jeung *setting*na loba wandana. Lian ti éta, kadang hiji *novél* teu mutlak kawas kitu, saupama bisa ogé lega dina galurna, tapi suasana, karakter, *setting*, jeung témana ngan hiji.

Dina pamarekan psikologis karya sastra anu hadé nya éta karya sastra anu mampuh ngagambarkeun kaguligahan jeung kakacauan batin manusa, sabab hakékat kahirupan manusa nya éta perjuangan nyanghareupan kaguligahan batinna sorangan (Endaswara dina Minderop, 2018, kc. 202). Satuluyna panalungtikan psikologi sastra miboga peranan penting dina pamahaman sastra, sabab ayana sababaraha kaleuwihan saperti: Kahiji, pentingna psikologi sastra pikeun ngulik leuwih jero aspék perwatekan; kadua, ku pamarekan ieu bisa méré timbal-balik ka para panalungtik ngeunaan perwatekan anu dikembangkeun; jeung anu pamungkas, panalungtikan kawas kieu ngabantu pisan pikeun nganalisis karya sastra anu raket patalina jeung pasolan-pasolan psikologis (Endraswara dina Minderop, 2018, kc. 2).

Patalina jeung psikologi sastra, Wellek & Werren (1990, kc. 90) nétélakeun psikologi sastra ogé mangrupa studi prosés kreatif jeung nalaah ngeunaan tipe, hukum-hukum psikologi anu dilarapkeun dina karya sastra. Sajalan jeung éta, psikologi sastra ogé nalungtik ngeunaan dampak sastra pikeun pamaca.

Dina mangsa ayeuna loba pamaca atawa masarakat anu kurang maham kana kajian psikologi sastra. Masarakat kurang ngarti kana pola-pola anu can ka jamah saacanna nepika ajén-ajén artistik anu nambah kohérénsi jeung kompléksitas anu aya dina karya sastra téh teu kahontal. Ku kituna, urang kudu maham kana patalina antara psikologi jeung sastra. Nurutkeun Ratna (2004, kc. 343) cara pikeun mikanyaho patalina antara sastra jeung psikologi aya tilu, nyaéta: 1) nalaah kana unsur-unsur kajiwaan nu nyiptakeun karya sastra nyaéta pangarang; 2) nalaah kana unsur-unsur kajiwaan dina karya sastra nyaéta tokoh-tokoh fiksional; jeung 3) nalaah unsur kajiwaan numaca.

Psikologi sastra leuwih nyoko kana masalah nalaah unsur-unsur kajiwaan nu nyampak dina tokoh-tokoh fiksional karya sastra. Ku ngaliwatan pamahaman kana patalina karya sastra jeung psikologi sastra tangtu miboga mangpaat anu alus. Dina mangpaat éta, tangtu bakal mangaruhan kana polah pikir, polah ucap, laku lampah jsb. Sabab dina nganalisis karya sastra anu ditilik tina segi psikologi bakal kapanggih alus-goréngna, luyu-hanteuna sikep atawa perwatakan antara kahirupan dina karya sastra jeung di masarakat. Luyu jeung pamahaman nurutkeun Sehandi (2016, kc. 46) mangpaat psikologi sastra nyaéta pikeun maham aspék-aspék

kajiwaan dina hiji karya sastra. Anapon kitu, lain hartina analisis psikologi sastra leupas tina kabutuhan masarakat. Saluyu jeung hakékatna, karya sastra méré pamahaman ka masarakat sacara hanteu langsung. Ngaliwatan pamahaman psikologi sastra, masarakat bisa maham kana parobahan, kontradiksi, jeung penyimpangan-penyimpangan séjén anu kajadian di masarakat hususna dina pakaitna jeung prosés kajiwaan.

Novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara mangrupa salasahiji karya sastra anu ditulis dina taun 1967 tur diterbitkeun ku Rachmat Cijulang. Ki Umbara anu ngaran aslina nya éta Haji Wirdja Ranusulaksana lahir di Bendungan, Ciawigebang 10 Juli 1949 mangrupa sastrawan Sunda aliran realisme, hal ieu katitén dina karya sastrana anu loba nyoko kana kahirupan sapopoé jeung pangalaman anu aya di sabudeureun masarakat. Nurutkeun Rosidi (dina Al Hakim, 2018, kc. 4-5) Ki Umbara mimiti nulis saacan perang. Tapi sacara pasti nurutkeun laporan panalungtikan ku Fakultas Sastra dan Seni Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan, yén di taun 1932-an Ki Umbara mimiti nulis karangan-karanganna nalika karyana loba dimuat di majalah-majalah salasahijina majalah Parahiangan (Jakarta). Kusabab karya-karyana anu loba ngandung pesan moral berbau da'wah, hal ieu anu saterusna Ki Umbara dinobatkeun salaku pelopor sastra da'wah. Salianti éta karyana ogé loba ngangkat tina idéntitas kabudayaan Sunda sarta sisi pamahaman masarakat Sunda kana dunya mistis.

Novél *Si Bedog Panjang* eusina ngeunaan kahirupan jaman baheula, anu ngaguar sagala unsur kahirupan mimiti atikan, sosial, jeung kabudayaana. Nu kahiji, tina unsur atikanna novél *Si Bedog Panjang* nyaritakeun Sunarya budak leutik anu keur sakola, dina novélna ngaguar sagala wangun kahirupan barudak sakola nepi ka sistim pendidikana ogé nyampak dina eusi carita, tangtu éta jadi bahan talaah pikeun masarakat dina niténan kamekaran pendidikan di Indonesia hususna di tatar Sunda. Nu kadua, tina unsur sosialna nyampak masih aya sistim sosial cacah jeung ménak. Katitén dina tokoh Sunarya mangrupa anak ménak, kahirupan sosial modél kitu geus jarang kapanggih di jaman kiwari, tapi ku ngaliwatan novél *Si Bedog Panjang* Karya Ki Umbara masarakat bisa apal kana parobahan sosial. Nu katilu unsur kabudayaana réa kapanggih dina eusi carita. Contona aya dina ieu di handap.

“*Ih Den, ari lalaki lembur mah kamamana teh tara lesot bedog. Da bedog teh sami sareng calana*” tembalna deui “*Mun lalaki lesot bedog, lain lalaki deui ngaranna*”

(*Si Bedog Panjang*, Kc. 75)

Cutatan di luhur téh mangrupa hiji budaya anu nyampak dina carita novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara. Jaman baheula mah lain lalaki saupama tara mawa bedog dina cangkéngna. Ilaharna mah bedog téh geus kawas baju, penting kudu dibawa. Kabudayaan kawas kitu jarang nyampak di jaman kiwari, masarakat ayeuna geus loba kajajah ku téhnologi informasi. Novél *Si Bedog Panjang* méré mangpaat ka masarakat dina niténan kabudayaan jaman baheula anu raket patalina jeung kahirupan urang Sunda. Anapon kitu, dina novél *Si Bedog Panjang* ogé loba nyampak karakter palaku anu keur nyanghareupan masalah anu daria, tangtu jadi ajén leuwih saupama ditilik dina pamarekan psikologi.

Novél *Si Bedog Panjang* kaasup kana jenis novél détéktip. Ku sabab karyana éta novél *Si Bedog Panjang* dilélér pangajén ti IKAPI (Ikatan Penerbit Indonesia) ogé direkomédasikeun salaku matéri buku téks pikeun pangajaran novél di SMP anu diseminarkeun di Seminar Internasional Riksa Bahasa XII ku Dingding Haerudin. Ku kituna matak ngirut saupama novél *Si Bedog Panjang* ditalungtik ngagunakeun élmu psikologis sastra anu nyoko kana tiori David Krech nya éta klasifikasi émosi tokoh.

Panalungtikan ngeunaan struktural jeung psikologi sastra geus kungsi dilaksanakeun saméméhna ku sababaraha panalungtik dina wangun skripsi jeung jurnal. Panalungtikan dina wangun skripsi di antarana aya “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana” ku Sandi Kusnadi (2021), “Tokoh Novél *Pipisahan* Karya RAF (Kajian Psikologi Humanistik)” ku Gugun Dedi Guntara (2008), jeung “Ulikan Struktural jeung Psikologis kana Novél *Sripanggung* Karya Tjaraka Rany Mahrudhi” ku Utami Tedjo (2015).

Salian ti panalungtikan dina wangun skripsi, aya ogé panalungtikan dina wangun jurnal di antarana “Telaah Emosi Tokoh Dalam Novél *Cermin Jiwa* Karya S. Prasetyo Utomo” ku Aryani (2022), “Klasifikasi Emosi Tokoh Nathan dina Novél *Dear Nathan* Karya Erisca Febriani: Kajian Perspektif David Krech” ku Ayu, spk. (2020), “Kategorisasi Emosi Tokoh Utama “Niky” dalam *Winter Dreams* Karya Maggie” ku Purwahida, spk. (2020).

Katitén dina wanda jeung panalungtikana sarua ngagunakeun pamarekan struktural jeung psikologi sastra. Sanajan kitu, tapi enas-enasna mah aya bébédana, nyaéta dina karya sastra anu dianalisisna jeung dina ambahan analisisna. Dina ieu panalungtikan mah objékna nyaéta novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara. Analisisna nyoko kana tiori struktural Robert Stanton jeung tiori klasifikasi émosi David Krech.

Dumasar kasang tukang di luhur, panalungtikan anu judulna “Karakteristik Tokoh jeung Panokohan dina Novél *Si Bedog Panjang* Karya Ki Umbara” téh kawilang penting pikeun dilaksanakeun, lantaran can husus aya nu medar ngeunaan klasifikasi émosi palaku dina novél *Si Bedog Panjang*. Lianti éta, novél ieu anu medal taun 1967 téh can aya nu nalungtik sacara akademis. Ku kituna, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan psikologi anu raket patalina jeung kahirupan manusa. Salian ti éta, psikologi sastra ogé méré kontradiksi jeung nyumponan pangabutuh masarakat dina maham karya sastra jeung bisa ngeuyeuban pangaweruh pamaca dina widang kritik sastra minangka aprésiasi karya sastra hususna dina pasualan émosi.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan analisis dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara ngagunakeun pamarekan klasifikasi émosi David Krech anu ngawengku *konsep rasa bersalah, rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, rasa malu, kesedihan, kebencian, jeung cinta*. Satuluyna medar ngeunaan kumaha larapna emosi dasar palaku dina karya sastra anu diébréhkeun ku pangarang. Lian ti éta, ngagunakeun pamarekan strukturalisme Robert Stanton anu ngaguar kana téma, fakta carita, jeung sarana sastra.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

1. Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) anu aya dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara?
2. Klasifikasi émosi naon waé anu nyampak dina tokoh novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar rumusan masalah di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun struktur carita novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara, sarta maluruh konflik psikologis anu nyampak dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung anu geus diébréhkeun di luhur nyaéta kasang tukang, ieu panalungtikan téh miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun sababarha hal di handap:

1. Ngadéskripsikeun struktur carita dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara.
2. Ngadéskripsikeun klasifikasi emosi dina tokoh novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoristis

Sacara téoritis, hasil panalungtikan ieu bisa jadi hiji référénsi pikeun ngeuyeuban pustaka élmu pangaweruh karya kritik dina kasusastraan Sunda. Salian ti éta, salaku acuan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dimangpaatkeun pikeun hiji bahan atawa média informasi pikeun nambahan pangaweruh masarakat pamaca. Ngaliwatan ieu panalungtikan sakumha anu geus dibébréhkeun dina kasang tukang, yén mangpaat tina panalungtikan psikologi sastra téh pikeun maham dinamika kahirupan di masarakat saperti parobahan, kontradiksi, jeung penyimpangan-penyimpangan anu nyampak dina karya sastra, satuluyna jadi bahan pangaweruh masarakat ngeunaan kajiwaan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab. BAB I, eusina mangrupa bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan

panalungtukan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat praktis, sarta struktur panulisan dina ieu skripsi.

BAB II, eusina ngeunaan ulikan tiori anu dipaké pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan ulikan psikologi, wangenan novél, kamekaran novél Sunda, papasingan novél, struktur novél Sunda, psikologi sastra klasifikasi émosi, perkembangan psikologi, faktor-faktor anu mangaruhan kana psikologi manusa. Tuluy medar panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

BAB III, eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, data instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

BAB IV. eusina ngeunaan deskripsi tina hasil panalungtikan, anu ngawengku pedaran hasil analisis data psikologi tokoh utama dina novél *Si Bedog Panjang*, anu ngawengku faktor-faktor jeung perkembangan psikologi na ogé. Dina Bab V eusina nyaéta ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil implikasi, saran jeung rékomendasi pikeun panalungtikan panalungtikan, satuluyna.